# ГЛОБАЛЛАСЫЎ ЖАҒДАЙЫНДА ЖАСЛАРДЫҢ ТАРИЙХЫЙ ДҮНЬЯТАНЫМЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДАҒЫ ОҚЫТЫЎШЫНЫҢ ОРНЫ

**Аминов Раҳматжон Искандар ўғли**
*Ўзбекистон жисмоний тарбия ва спорт университети Нукус филиали*

Глобалласыў дәўиринде жаслардың тарийхый дүньятанымын раўажландырыўда оқытыўшының орны айрықша әҳмийетке ийе. Себеби, дәл ҳәзирги пайытта мәдениятлар араласып, информация ағымы күшейип атырған бир ўақытта, жаслардың өзлигин сақлап қалыў, миллий қәдириятларды қәдирлеў ҳәм тарийхый естелигин жоғалтпаў машқаласы күн тәртибинде тур.

Оқытыўшы, жасларға тарийхый билим бериў менен бирге, оларда өз халқының өтмишине ҳүрмет сезимин оятыўы шәрт. Бул процесс, текст китапларды оқытыў яки лекция оқыў менен шекленип қалмастан, интерактив сабақлар, дискуссиялар, тарийхый орынларға саяхатлар шөлкемлестириў арқалы әмелге асырылыў тийис.

Соның менен бирге, оқытыўшы жасларды сын көзқарасы менен ойлаўға үйретиўи керек. Интернет ҳәм социаллық тармақлар арқалы тарқатылып атырған жалған информацияларға қарсы иммунитет пайда етиўи ушын, оларды тарийхый ўақыяларды анализ етиўге, дәлиллерди салыстырыўға үйретиўи зәрүр.

Глобалласыў шараятында, оқытыўшы жасларды тек ғана өз елимиздиң тарийхы менен таныстырып қоймастан, басқа халықлардың мәденияты ҳәм тарийхына да қызығыўын арттырыўы керек. Бул, халықлар арасында өз-ара түсиниўшиликти беккемлеп, толерантлық ҳәм ҳүрмет орталығын қәлиплестириўге хызмет етеди.

Ҳәзирги глобалласыў күшейип атырған бир ўақытта елимиз жасларында тарийхый дүньяқарасты пайда етиў жүдә әҳмийетке ийе. Тарийхты оқытыўдың баслы ўазыйпаларынан бири жаслардың дүньяқарасын қәлиплестириў арқалы жат идеалогияларға қарсы иммунитетти пайда етиў есапланады. Бул ҳәзирги дәўир талапларынан бири.

Дүньяқарас – бул дүньяны толық аңлаў, оның сырларын белгили дәрежеде түсиниў, шахстың әне сол әлем ишинде өз орнын аңлап жетиўге ҳәрекет қылған ҳалда ҳақыйқатлықты руўхый ҳәм әмелий тәрептен түсиниўдиң нәтийжеси. Басқаша қылып айтқанда дүньяқарас инсанның қоршаған әтирапқа мүнәсибети, өмирдеги орны ҳәм позициясы инсанлық әҳмийети адам ҳәм әлем ҳаққындағы қараслары жыўмағы. Инсанның бар екенлигин, мазмун ҳәм мақсетлерин анықлаў, инсанның барлығы, оның жасаў мазмуны ҳәм әҳмийетин үйрениў, сол тийкарда инсаныйлық дүньясына баҳа бериўге умтылыў тарийхый - социаллық дүньяқарастың тийкарғы мәнисин белгилейди.

Тарийхый дүньяқарас болса инсанияттың өтмиши менен байланыслы болған, оны үйрениў процессинде жүзеге келген қараслар дизими.

Жеке шахслардың дүньяқарасы арқалы пүтин бир жәмийеттиң дүньяқарасы жүзеге келеди ҳәм ол социаллық-мәдений турмысты ҳәрекетлендириўши күш сыпатында өзин көрсетеди. Тарийхый билимлерди өзлестирип атырған жасларда тарийхый дүньяқарас қәлиплесип ол ҳәр түрли жоллар менен раўажланып барады. Усы дәўирде оқытыўшының орны үлкен болып, оннан педагогикалық шеберлик ҳәм жоқары тийкарлы дүньяқарасын талап етеди. Сабақ барысында оқытыўшының сабақ өтиў усыллары арқалы жасларда социаллық пикир ҳәм пүтин жәмийет ҳаққында ой-пикир қәлиплестирилип барылады.

Социаллық байланыслардың барған сайын қурамаласып баратырғаны, мәденияттың өз-ара байланысы, социаллық өзгерислер тезлесиўи менен дүньяның бүгинги аҳўалы жаслардан кеңирек дүньяқарасты, жүз берип атырған өзгерислерди аңлаўды талап етпекте. Тәлимге актив характер бериliўи керек. Оның тәсири жәмийеттиң келешектеги жағдайына сай келиўи ушын турмыстың барлық тараўларына тийисли өзгерислерди әмелге асырыў тийис. Соның менен бирге, тәлим биринши нәўбетте болыўы, бирақ тәлимниң жаңа парадигмасын қабыл қылатуғын болсақ, жаңа парадигма сиясат дәрежесине де, экономика дәрежесине де, идеалогия дәрежесинде де қабыл қылыныўы кереклигин аңлаў керек.

Идеалогиялық ўазыйпа – бирден-бир тәлим мәканын жаратыў. Тийкарғы қәдириятларды жәриялаў жәмийеттиң барлық дәрежелерине, соның ишинде тәлим императивинде қабыл қылыныўы, инсанның билим дәрежеси, руўхый, әдеп - икрамлық кәмиллик дәрежеси турақлы асып барыўы лазым. Тәлим системасын өзгертиў талабы да бар, себеби, дүньяға жаңа қарас жәмийетти жетилистириўдиң жаңа усылларын талап қылады. Жаңа тәлим системасына өтиўден алдын елимиздеги оқытыўшылардың дәрежесин ҳәм олардың жаңа системаға тарялығына қарап қарар қабыл етиў керек болады. Және бир итибарға ылайық болған тәрепи бул - минталитет болып, жаңа тәлим модели минталитетке сәйкес болыўы әҳмийетке ийе.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020 – жыл 6 – ноябрдеги «Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў шара-илажлары ҳаққында» ғы пәрманы бойынша Финляндияның тәлим тараўындағы унамлы тәжрийбесин Өзбекстан Республикасы тәлим системасына ҳәмде Дәстүрге енгизиў бойынша комплекс шара-илажлар әмелге асырылыўы көзде тутылған [https://lex.uz/docs/5085887]. Бул болса тәлимде жаңаша методларды талап етеди. Модернизацияланған заманагөй тәлим тизими бойынша оқыўшы жаслардың билим асырыўы, сондайақ тарийхый дүньяқарасты жетилистириў тиккелей оқытыўшыға болған исенимге тийкарланады. Бул оқтыўшылар ушын ең әҳмийетли фактор есапланады.

Финляндия тәжрийбеси табысқа ерисиўдиң көп усыллары бар екенлигин көрсетеди. Бул системада оқыўшылар Азия мәмлекетлерине қарағанда оқыўға кем ўақыт сарыплайды, үйге берилген тапсырмалар кем, мектеп тексериўлери болса бийкар қылынған. Бирақ көпшилик табыслы системалар сыяқлы, фин тәлим системасы шараяты аўыр оқыўшылар да жоқары нәтийжелерге ерисиў мүмкин ҳәм ҳәр қандай мектеп, қайжерде жайласқанына қарамастан, жоқары сыпатлы тәлим бериўи керек, деген пикирге тийкарланады. Арқа Европа ҳәм Балтикбойы мәмлекетлеринде болғаны сыяқлы бул жерде де социаллық - экономикалық факторларниң тәлим нәтийжелерине тәсири пәслиги көринеди. Финляндия мысалы тек тәлим системасы сыпаты оның оқытыўшылары сыпатынан жоқары болмаслығын тастыйықлайды[Норбоева Д.].

Ғәрезсиз дөретиўшиликли ой-пикирдиң раўажланыўы оқыў процесинде оқыўшыны излениўге үндейди. Бунда шахс пикирлеў хызметиниң ең баслы тәреплери көринеди. Бул процессте оқыўшы оқытыўшы менен актив излениўде болады….Оқытыўшы оқыўшылардың қызығыўын арттыў ушын сабақлардың мазмун ҳәм сыпатына итибар береди. Бунның ушын балаларды пикирлеўге, оларды активлестириўге ҳәрекет қылады. Оқыўшы таяр билим қабыл қылыўшы емес оқыў процесиниң қатнасыўшысына айландырыў ушын дисскуцияға түсиўге жоллайды[Ибрагимова Г., Сидикова А.].

Тарийх пәни оқытыўшысы усы тақылетте оқыўшыларда тарийхый дүньяқарасты арттырыў ушын олардың еркин пикирлеўин, тарийхый ўақыяға өзиниң пикирин билдириўге тартыў арқалы оның тарийхый көз-карасларын жүзеге шығарады. Заманагөй тәлимге өтиўде тарийх пәни оқытыўшысының өз үстинде көп изленип барыўын ҳәм оқыўшылардың өзине исенимине, хүрметине ерисиўде өзиниң қәбилетлерин иске салыў керек.  Бунның ушын оқыўшылар қызығыўшылығын арттырыў менен бирге, өз үстинде ғәрезсиз ислеўине еркинлик бериліўи лазым.

Республикамыз тәлим системасында жүз берип атырған өзгерис ҳәм жаңаланыўлар оқыўшыларға жаңа билим, көнликпе ҳәм тәжрийбелерди бериў менен бирге, жасларымыздың өзине ҳәм басқа инсанларға, жәмийет, мәмлекет, тәбиятқа салыстырмалы өзгериўин, ўатансүйиўшилик идеяларын санасы ҳәм қәлбине сиңдириўи де көзде тутылған. Демек, тәлим орынларының хызмети, тийкарынан оқыўшылырымызды демократиялық жәмийетте ғәрезсиз пикирлейтуғын, өз дүньяқарасына ийе руўхый кәмил шахс болып қәлиплесиўине қаратылған болыўы керек.

Жуўмақ ретинде оқыўшы жаслардың ўатанымыз тарийхын терең билиўинде ҳәм оны пәнге қызығыўшылығын және де арттырыўда оқытыўшының орны үлкен екенин атап өтиў керек. Тәжрийбели, шебер оқытыўшы оқыўшылардың тарийхый дүньяқарасының қәлиплесиўине ҳәм өсиўине тәсири күшли болып, олардың туўры ҳәм

тийкарлы билим алыўы ушын оқытыўшы ҳәр бир оқыўшы менен индивидуаль шуғылланып барыўы ҳәм өзи де бул бойынша көп излениўди талап етеди. Бул заманагөй тәлим системасының талапларының бири.

Жуўмақлап айтқанда, оқытыўшы – глобалласыў дәўиринде жаслардың тарийхый дүньяқарасын раўажландырыўда уллы жуўапкершиликти өз мойнына алады. Ол, жаслардың өзлигин сақлап, мәнаўиятын беккемлеўге, оларды елимиздиң ылайықлы перзентлери етип тәрбиялаўға өз үлесин қосады.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Электрон ресурс: https://lex.uz/docs/5085887.Қаралған ўақты 14.03.2023. 19:45
2. Ибрагимова Г., Сидикова А. Ўқувчи ёшларда ижодий фикрлашни шакллантириш ва ривожлантириш. Замонавий таълим. 2019, 4(77). Б. 53-55.
3. Норбоева Д. Европа таълим тизими: Финляндия тәжрийбеси. Academic research in educational sciences. 2021. Б.1712.